

Championnat National E-Draughts Haïti 2022

Règleman chanpyona a

1 - Forma ak Sistèm

1.1 - Karant (40) jwè pou pi plis ka patisipe nan chanpyona sa a ki ouvri a tout jwè ayisyen. Tout fòmalitye enskripsyon yo dwe fini pi pita jou 6 avril 2022 à 11h59 nan aswè (lè Ayiti)

1.2 - Ap gen 2 faz. Yon faz eliminatwa ak yon faz final.

1.3 - Faz eliminatwa a ap gen 6 tou ki ap fèt dapre Sistèm Swiss nan kadans 10' + 5".

1.4 - Klasman an apibliye selman apre dènye pati faz sila a. Na ka egalite pwen ant plizyè jwè, depataj "Standard FMJD Swiss" a ap sèvi. Sa vle di, depi jwè yo fè menm pwen, men ki kritè ki ap sèvi pou klase yo:

- Short Truncated Solkoff
- Solkoff Plus
- Solkoff Baliakin
- Full Truncated Solkoff
- Manual Tiebreak.

1.5 - Sis (6) jwè ki pi byen klase yo ap kalifye pou jwe faz final la.

1.6 - Nan, faz final la se ap sisètm Round Robin (tout jwè yo ap kontre) nan kadans 15' + 5"

2 - Vwayaj ak Akomodasyon

2.1 - Depans vwayaj ak akomodasyon yo sou kont jwè a.

2.2 - Jwè yo dwe pran infomasyon sou kisa ki disponib tankou restoran oubyen lojman nan zòn chanpyona a ap fèt la si sa nesesè.

3 - Espas chanpyona a

3.1 - Tout jwè ki enskri yo ap jwenn enfomasyon egzak sou kote chanpyona a ap fèt la.

3.2 - Nan antre espas la, gen yon responsab ki ap gide jwè a sou kote pati yo pral jwe a.

3.3 - Jwè yo dwe vini ak bon jan pyès pou idantifye yo.

3.4 - Chak jwè ap jwenn yon labèl ki dwe vizib pou byen idantifye yo pandan tout dewoulman chanpyona a.

3.5 - Oganizatè yo ap mete dlo a dispozisyon jwè yo pandan pati yo.

4 - Dewoulman chanpyona a

4.1 - Kilè pati yo ap jwe

Lè	Evenman
8:00 am	Tout jwè yo dwe nan espas la
8h30	Seremoni pou louvri chanpyona a epi pou raple regleman yo
9h00	1e tou Faz eliminatwa a komanse
9h30	2e tou a komanse
10h	3e tou a komanse
10h30	4e tou a komanse
11h	5e tou a komanse
11h30	6e tou a komanse
12h00	Faz eliminatwa fini.
12h05	Klasman ak Lis 6 jwè ki kalifye pou faz final la ap anone. Selman jwè ki kalifye yo ka rete nan espas kote pati yo ap jwe a. Lot yo ka rete nan espas ki pou piblik la.
01h pm	1e tou Faz final la komanse
01h40 pm	2e tou a komanse
02h20 pm	3e tou a komanse
03h pm	4e tou a komanse
03h40 pm	5e tou a komanse
04h20 pm	Klasman final ak Seremoni pou remèt twofe ak meday. <i>Tout lòt prim pou podium ak prim sou baz pèfòmans nan faz final la ap bay a 6h pm sou MonCash.</i>

4.2 - Nan chak tou, lis pati yo ap anonse anviwon 5 min avan. Sa vle di, si tou a dwe kòmanse a 9h30, jwè yo dwe rete nan espas kote tab yo ye a; epi kou pati yo anonse a 9h25, yo dwe ale nan tab kote non yo parèt la. (Non jwè a gentan ekri sou tab la, kote pou li chita a).

4.3 - Si a 9h00 nan matin, lè pou 1e tou a komanse, jwè a pa prezan, li tou deyò nan chanpyona a.

4.4 - Apre premye tou a, depi lè pou yon pati komanse, jwè a pa la, li fè zewo pou pati sa a. Si tou 2 jwè yo pa la, yo tou lè 2 fè zewo. Nou raple ke depi chanpyona a komanse, jwè yo dwe rete nan espas kote pati yo ap jwe a jis lè poz midi a rive.

4.5 - Si yon jwè pran zewo nan kad aplikasyon atik 4.4 la, E-Draught Haiti ap bani l de tout lòt aktivite ki ap fèt.

Si yon jwè fè fwod (magouy pou genyen, anile oswa pèdi yon pati, oswa bay digèt, fè siy oubyen pale pandan gen lòt jwè ki ap jwe), lap tonbe anba menm sanksyon nou sot site a.

Si yon jwè komèt agresyon vèbal oubyen fizik nan espas kote chanpyona a ap fèt la, lap pasib de menm sanksyon an tou.

Nan tout ka sa yo, non sèlman jwè a ap radye avi, E-Draughts Haiti ap voye yon rapò tou nan FMJD pou enfòmè federasyon mondyal la sou ka ki prezante a, ak non koubap la(yo).

Nou ap ankouraje tout moun kolabore et konpote yo an bon atlèt pou respè jwèt la!

4.6 - Avan pati a komanse, avan pati a komanse, jwè a dwe;

- asire l ke li chita nan plas li anfas pyon blan si li dwe jwe ak pyon blan oubyen an fas pyon nwa si se pyon nwa ki pou li;
- asire l ke pandil li byen ranje;

4.7 - Tout pati dwe komanse ansanm, sou siyal abit la.

4.8 - Lè pati a fini, jwè yo dwe:

- siyen fèy pati a pou remet abit la;
- ranje pyon yo nan plas yo;
- rete nan espas jwèt la pou tann lòt tou a komanse (sof si se poz midi a).

4.9 - Jwè yo pa dwe rete fè komantè oubyen analyse sou pati ki fini jwe sou kabare damye a. Jwè yo dwe swiv atik 4.8 la alalèt lè yon pati fini.

5- Fair-play ak kondisyon jwèt la

5.1 - Jwè yo dwe montre respè youn pou lòt.

5.2 - Pou evite ke yon jwè oblije deplase nan mitan pati, oubyen pa prezante a tan avan yon pati komanse, non mande ke chak jwe al fè tout sa li bezwen fè avan 8h30 nan matin, ak nan poz midi a.

5.3 - Yon jwè ka kite espas la lè li fini jwe yon pati, selman sou otorizasyon abit prinsipal la. Okenn jwè pa ka deplase pandan pati a ap jwe.

5.4 - Jwè yo dwe rete an silans pandan yap jwe. Yo pa dwe fè okenn kòmantè ou analiz an bouch yo oubyen lonje dwet yo sou kabare a pou fè kalkil. Tout lòt konpòtman ki ka deranje jwè anfas la, oubyen jwè a kote a ap sanksyone pa abit yo.

5.5 - Depi pati a komanse, jwè a ka pale selman ak abit la si li gen yon pwoblem oubyen yon kesyon ki pa ka tann.

5.6 - Jwè a responsab peze pandil li. Fòk li peze pandil la lè li fini jwe yon kou. Si li rantre dam, li dwe fe aksyon sa a yo nan lòd sa a egazteman:

- mete pion an nan kaz dam lan;
- mete tet pou dam li an; (li pa ka mande jwè anfas la mete tèt pou li)
- peze pandil la lè dam lan fin gen tet. (li pa dwe peze pandil la avan li mete tèt la).

5.7 - Jwè yo pa dwe vini ak okenn bagay ki ka deranje trankilite jwè ki nan espas la. Abit la ka deside ki ekipman ou bagay (apre tablèt, telefòn ki pa etenn), ki pa ka sou tab la ak jwè yo.

5.8 - Li entèdi pou yon jwè parye lajan sou rezilta pati lap jwe nan kad chanpyona sa a. Jwè ki fotif yo ap tonbe anba sanksyon sa a yo:

- 2 jwè yo ap pran zero pwen pou pati sa a;
- 2 jwè yo ap deyò nan konpetisyon an;
- Pati a pap konte nan kad gwo projè klasman (rating) nasyonal la;
- Komite a rezève l dwa ekskli jwè sa yo nan tout lòt aktivite nasyonal e entènasyonal lap òganize.

Rezon ki dwe pouse jwè a bay bon rezilta se (1) pasyon pou jwèt la, (2) motivasyon pou pratike spò sa a, (3) bay bel pèfòmans nan chanpyona a epi (4) chache pwogrese jwèt la sa ki ap paret nan klasman nasyonal la.

Pou imaj ak prestij Chanpyona a, nou mande jwè yo ak piblik la pou evite jwe pou enterè anndan lokal la, keseswa avan tounwa a, pandan poz yo oubyen aprè evènman an!

6 - Foto ak televizyon

6.1 - Okenn moun nan piblik la pa dwe fè foto ak flash 3 min aprè pati a komanse.

6.2 - Si yon televizyon ap kouvri evenman an, se ak otorizasyon E-Draughts Haiti epi nou ap enfome jwè yo avan. Yo ap dwe diskre anpil pou yo pa deranje konsantrasyon jwè yo.

6.3 - Tout pati nan faz final la ap anregistre nan videyo pou verifikasyon aprè pati yo.

7 - Prim, Tit ak Pwen Nasyonal

7.1 - Moun ki genye chanpyona sa a ap gen tit "Champion National E-Draughts Haiti" pou yon lane, epi lap resevwa Meday ak Twofe ki mache ak tit la.

7.2 - Rezilta yo ap sevi pou kreye yon klasman nasyonal pou jwè yo nan peyi a. Lè E-Draughts Haiti ap chwazi sponsorize 1 ou 2 ou 10 jwè pou yon evenman, li ap gade sou pwen nasyonal (rating) jwè yo.

7.3 - De (2) lòt jwè ki fè podyòm yo ap resevwa meday tou.

7.4 - Twa (3) jwè ki fè podium faz final yo ap resevwa prim ki anonse nan fich chanpyona a.

7.5 - Sis (6) jwè ki patisipe nan faz final la ap resevwa prime lajan sou baz pèfòmans yo nan faz sila a.

8 - Lot detay sou konpòtman jwè yo

8.1 - Jwè yo dwe mete rad ki mache ak prestij jwèt la.

8.2 - Jwè yo pap dwe prezante ak bout chòt, kepi ou chapo, ou okenn lòt teni ki pa reflete prestij chanpyona a.

8.3 - Jwè yo dwe prezan nan rankont teknik ki ap fèt à 8h30 am lan.

9 - Sou desizyon abit yo

9.1- Si abit la pran yon desizyon, jwè a ka konteste sa si li panse desizyon an pa bon. Pou li fè sa, jwè a gen selman pou li ranpli yon fòmilè pou kontestasyon epi remet abit prensipal la.

9.2 - Komite Apèl la, ki se komite E-Draughts Haiti a, ap panche sou ka a epi soti yon desizyon avan lot tou a komanse. Desizyon komite a irevokab.

9.3 - Abit la ap anonse a wot vwa, desizyon komite apel la avan lòt a tou a komanse.

9.4 - Abit prensipal la ap tranche sou tout lòt bagay ki pat ekri nan dokiman sa a. Yon jwè ka konteste desizyon sa a jan atik 9.1 la prevwa sa si gen rezon pou sa.